



Kurikulum
Merdeka

Lembar Kerja Peserta Didik (LKPD)

Paramasastra



Nama :

Kelas :

No. Absen :

Disusun oleh : Neli Eki Ambarwati, S.Pd.,Gr



PARAMASASTRA

Para siswa duwe karep kanggo nemokake jinise tembung. Tembung-tembuung kang ana ing karangan, kadhapuk saking tembung lingga lan tembung andhahan. Apa iku tembung lingga lan tembung andhahan? Ayo diwaca kawruh ing kasebut!

a. Tembung Lingga (Kata dasar)

Tembung lingga yaiku tembung kang durung owah saka asale utawa durung oleh wuwuhan (*imbuhan*). wuwuhan (*imbuhan*) iku bisa arupa ater-ater (*awalan*), seselan (*sisipan*), utawa panambang (*akhiran*).

Tuladha tembung lingga (*kata dasar*) :

Tuku/tumbas, sare, ombe/unjuk,
pangan/dhahar, tindak, gawe, gawa.

Tuladha ukara kang ngemot tembung lingga (*kata dasar*) :

- ✚ Adhiku **tuku** buku ana ing koperasi sekolah.
- ✚ Ibu lagi **sare** ana ing kamar

b. Tembung andhahan (Kata Jadian)

Tembung andhahan yaiku tembung kang wis oleh wuwuhan (*imbuhan*). Tembung andhahan bisa uga diarani tembung kang wis owah saka asal utawa linggane. Tegese tembung andhahan kasebut karacik saka maneka wuwuhan kang ana, bisa wujud ater-ater, seselan, lan panambang.

- 1) Ater-ater (*Awalan*) → Wuwuhan kang manggon (*tempatnya*) ana ing sangarepe tembung lingga.

❖ Ater-ater **TRIPURUSA** yaiku wujud ater-ater **dak-**, **kok-**, **di-**.

Tuladha:

✚ **dak**

Biasane ater-ater **dak-** kanggo kagiyatan kang dilakoni awake dhewe (*diri sendiri*).

- Bu, indomie kagunganipun panjenengan **dakgawe** ya? (**dak** + **gawe**)
- Sumuk nemen ta dina iki. Jendelane **dakbuka** ah. (**dak** + **buka**)
- Aku wis ditelpun ibukku. Aku **dakmulih** saiki wae. (**dak** + **mulih**)

✚ **kok**



Biasane ater-ater **kok-** kanggo kagiyatan kang dilakoni dening wong liya sing lagi dijak guneman (berdialog) lan biasane digunakake kanggo ngakon (memerintah).

- Bagus, aja lali iki mengko kelase **koksapu** loh ya. Saiki piketmu! (**kok + sapu**)
- PR.e **kokgawe** sesuk wae! (**kok + gawe**)
- Ndhuk, kuwi kacang sing diparingi simbah **kokgodhog** saiki gen iso kena kanggo tamu! (**kok + godhog**)

di-

Biasane ater-ater **di-** kanggo kagiyatan kang dilakoni dening wong liya.

- Wayangku wis **digawe** dening bapak (**di + gawe**)
- Materine lagi **ditulis** dening sekretaris. (**di + tulis**)
- Mas, motormu mbokyo **diubah** gen ora reget. (**di + umbah**)

❖ Ater-ater **ANUSWARA** yaiku wujud ater-ater **N-**, **M-**, **NG-**, **NY-**
Tuladha :

N-

Biasane tembung lingga kang oleh ater-ater **n-** iku yen ketemu tembung konsonan kudu lebur anggone ngucap.

- Pak tani lagi **nandur** pari. (**n + tandur**)
- Kancaku remen sanget **nari**. (**n + tari**)
- Bu Guru **nampa** surat ijin saking siswane. (**n + tampa**)

dadi ora kok ditulis **ntandur**, **ntari**, **ntampa**, nanging tembung lingga kang nggunakaken konsonan kudu lebur dening ater-ater **n-**

M-

Biasane tembung lingga kang oleh ater-ater **m-** iku yen ketemu tembung konsonan kudu lebur anggone ngucap.

- Dhik, kowe wis **mangan** durung? (**m + pangan**)
- Omahku **mapan** ing Dusun Pasadena, Kecamatan Ngaliyan, Kota Semarang. (**m + papan**)
- Pak Tani saweg **macul** sawah. (**m + pacul**)

dadi ora kok ditulis **mpangan**, **mpapan**, **mpacul**, nanging tembung lingga kang nggunakaken konsonan kudu lebur dening ater-ater **m-**

NY-

Biasane tembung lingga kang oleh ater-ater **ny-** iku yen ketemu tembung konsonan kudu lebur anggone ngucap.

- Adhikku lagi **nyapu** latar. (**ny + sapu**)



- Bapak **nyukur** rambute Mas Ilham amarga sampun panjang. (**ny** + **cukur**)

- Ibu telpun kakak nanging boten **nyambung**. (**ny** + **sambung**)
dadi ora kok ditulis **nysapu**, **nycukur**, **nysambung**, nanging tembung lingga kang nggunakaken konsonan kudu lebur dening ater-ater **ny-**

✚ **NG-**

Biasane tembung lingga kang oleh ater-ater **ng-** iku yen ketemu tembung konsonan kudu lebur anggone ngucap.

- Rene-rene, padha **ngumpul** ing kene! (**ng** + **kumpul**)

- Esuk-esuk Rudi wis **ngopi**. (**ng** + **kopi**)

dadi ora kok ditulis **ngkumpul**, **ngkopi** nanging tembung lingga kang nggunakaken konsonan kudu lebur dening ater-ater **ng-** tuladha sanes saking ater-ater **ng-** :

- Kancaku dina Jumat **nggawa** HP, kudune yen Jumat ora entuk **nggawa** HP. (**ng** + **gawa**)

❖ **SESELAN** yaiku wuwuhan (imbuhan) kang manggone ana satengahe tembung lingga, jinise **-um-** , lan **-in-**

✚ **-um-**

- Klamine sapa iku **gumantung** ing kana? (**gantung** + **-um-**)

- Panganane wis **cumepak** ing kana wae ko kora ndang dipangan. (**cepak** + **-um-**)

- Apa kang **dumadi** saka kedadeyan iki bisa dadi pepeling kanggo awake dhewe. (**dadi** + **-um-**)

✚ **-in-**

- Calondria wis **pinilih** dadi wakil ketua kelas. (**pilih** + **-in-**)

- Cerita legenda mau **ginawe** saking R.M. Tumenggung. (**gawe** + **-in-**)

❖ **PANAMBANG** yaiku wuwuhan (imbuhan) kang manggone ana samburine tembung lingga, jinise : **-ake**, **-na**, **-aken**, **-i**

✚ **-ake**

- Ndhuk, ibu **tukokake** wedang jahe nggon warunge pak Narto! (**tuku** + **-ake**)

- Tutupake jendhelane, Dhik! (**tutup** + **-ake**)

✚ **-na**

- Nyuwun tulung budhe **jupukna** the anget ya, Ndhuk! (**jupuk** + **na**)

- Kala wingi adhiku **nukokna** Ibu roti ulang taun sing enak. (**n** + **tuku** + **na**)

✚ **-aken**



- Benjing ampun supe kula **elingaken** kanggo gawa prakarya wayang ya, Dil. (**eling** + **aken**)
- Bu, mangke **tumbasaken** kula buku nggih. (**tumbas** + **aken**)
- + **-i**
- Sesuk rebo ana gelar karya. Aja lali ya mengko karyaku **ditukoni**. (**di** + **tuku** + **i**)



Gagak Sing Umuk



Nyawang patrape Gagak kang tansah umuk mau njalari kewan-kewan liyane padha kresah-kresuh dhewe. Kabeh rumangsa kaget nyipati Gagak kang saiki nduweni patrap kaya ngono. Amrih ora kelantur-lantur anggone umuk kewan liyane banjur nyoba ngelingake. "Kewan ana alas kene kabeh wis padha mangerteni yen kowe pancen nduweni kekuwatan sing ora ana tandhinge, nanging ora perlu dipamerake kaya ngono", kandhane Pitik Alas marang Gagak, alon.

"Sapa sing ora ngerti kowe, Gagak. Kaluwihanmu pancen ngedab-edabi", sumaure Kethek.

"Wis ta, ora susah mbok pamerake. Kabeh wis ngerti yen kowe pancen kuwat lan linuwih", Kancil ngimbuhi rembug.

"Ngomonga sakarepmu. Kowe kabeh bisa ngomong kaya ngono padune padha meri lan ora bisa nandhingi kaluwihanku," kandhane gagak kaprunge sora sajak ora gelem nampa rembug saka kewan-kewan liyane.

Krunge swarane Gagak kaya ngono, kewan-kewan liyane banjur padha meneng. Mung padheng-pandhengan dhewe.

"Ayo, sapa sing wani nglawan aku?" kandhane Gagak maneh.

Kewan kabeh banjur padha ora ana sing celathu maneh. Swasana dadi sepi.

Ing sela-selane kewan-kewan padha ngandhani Gagak muri hora umuk, dumadakan ana sawijining manuk Elang kang teka, mencok ora adoh saka papan dununge gagak. Sauntara Elang mung meneng bae ngrungokake apa kang dadi rembugane kewan-kewan iku.

Mangerteni Gagak kang ora gelem dikandhani lan umuke saya ndadi, Elang banjur mabur nyedhaki.

"Apa kowe bener-bener nduweni kekuwatan lan keluwihan kaya sing mbok kandhakake kuwi, Gagak?" pitakone Elang sabanjure.



"Mesthi bae bener, aku kewan kang paling kuwat ing kene. Ora ana sing bisa nandhingi aku. Kabeh kewan ing kene padha ngakoni," wangsulane Gagak.

Elang meneng sedhela. "Yen kowe bener-bener nduwe kekuwatan lan kaluwihan kaya sing mbokkandhakake kuwi, apa kowe gelem tandhing karo aku?" kandhane sabanjure.

"Apa sing dakwedeni," wangsulane Gagak keprungu entheng.

"Yen ngono, kowe saiki ngetutake aku. Yen kowe bisa nglakoni kaya sing daklakoni ateges kowe pancen duwe kekuwatan kaya sing mbokkandhakake," kandhane Elang banjur mabur ninggalake Gagak.

Gagak sing rumangsa ditantang lan ora gelem kalah, banjur enggal nututi abure Elang. Kamangka apa sejatine sing dikarepake Elang durung dimangerteni gagak.

Sawise sauntara wektu anggone mabur, pungkasane Elang lan Gagak tekan ing sawijine ara-ara amba. Ing kana salah sawijining bocah pangon sing lagi angon wedhus-wedhuse. Dumadakan Elang banjur nyaut salah sawijining cempe lan digawa mabur. Nyawang kahanan kaya mangkono njalari bocah pangon kaget ora bisa tumindak apa-apa.

"Aku wis entuk cempe siji, saiki giliranmu, Gagak," kandhane Elang karo cakare nyengkerem cempe digawa mabur.

Krungu tembung Elang sing kaya ngono njalari atine Gagak sakala dadi panas. "Yen Elang bisa geneya aku ora bisa? Aku rak luwih kuwat tinimbang dheweke," batine Gagak karo ngempet kanepson.

Ora gantalan wektu Gagak banjur mudhun lan kanthi cepet nyamber salah sawijining cempe lan digawa mabur nanging tetep ora bisa. Dicoba bola-bali tetep ora bisa. Nyawang kahanan kaya ngono Gagak lagi rumangsa yen kalah kuwat karo Elang.

Amarga ora bisa nggawa mabur cempe, Gagak nyoba ngeculake cengkeremane. Nanging upayane tetepora bisa, amarga kuku-kukune mbule ing wulune cempe.

Sauntara bocah pangon sing kawit mau nyawang kedadeyan kuwi banjur nyedhaki cempene sing lagi dicengkerem dening Gagak. Tanpa mikir dawa bocah pangon banjur nyekel Gagak maul an digawa mulih, dilebokake kurungan lan diwenehake adhine.

Gagak sing saiki ana ing njero kurungan lan ora bisa mabur bebas menyang endi-endi maneh, bisane mung nggetuni apa sing wis dilakoni. Dheweke lagi ngrumangsani, pranyata kekuwatan lan kaluwihan isih ana sing ngungkuli.



Kagiyatan 4

Ayo digoleki tembung-tembung **andhahan** kang ana karangan "**Gagak Sing Umuk**".
Udhalen tembung-tembung kasebut manut linggane kanthi ngisi ing kolom kang cumawis.

NO	Tembung Andhahan	Wuwuhan (Imbuhan)			Tembung Lingga
		Ater-ater	Seselan	Panambang	
1	Nyawang	n-	-	-	Sawang
2	Nyipati	n-	-	-i	Sipat
3					
4					
5					
6					
7					
8					
9					
10					
11					
12					
13					
14					
15					
16					
17					
18					
19					
20					



Kegiatan 5

1. Gawekna ukara (*kalimat*) kang nduweni ater-ater tripurusa dak-, kok-, lan di-!

Tuladha :

- Fadil, kowe dakutus mendhet buku ing ruang guru saiki! (*dak + utus*)
-
-
-

2. Gawekna ukara (*kalimat*) kang nduweni ater-ater anuswara n-, m-, ny - lan ng-!

Tuladha :

- Bu, kula sampun nyapu kelas. (*ny + sapu*)
-
-
-
-

3. Gawekna ukara (*kalimat*) kang nduweni seselan -um- lan -in- !

Tuladha :

- Bocah iku nduweni tumindak kang ala. (*-um- + tindak*)
-
-

4. Gawekna ukara (*kalimat*) kang nduweni panambang -ake, -na, -aken, lan -I !

Tuladha :

- Bocah iku nduweni tumindak kang ala. (*-um- + tindak*)
-
-
-
-